

## **FÈY ENFÒMASYON SOU FAYIT**

LWA SOU FAYIT SE YON LWA FEDERAL. FÈY LA BA OU ENFÒMASYON JENERAL SOU SA K AP PASE NAN YON DOSYE FAYIT. ENFÒMASYON KI LA YO PA OKONPLÈ. OU KAPAB BEZWEN KONSÈY LEGAL.

### **LÈ OU DEKLARE FAYIT**

Ou kapab chwazi kalite fayit ki pi byen satisfè bezwen ou yo (depi ou ranpli sèten kalifikasyon):

Chapit 7-Yo deziyen yon sendik pou pran kontwòl pwopriyete a. Nenpòt pwopriyete valè a ap vann oswa chanje an lajan pou peye kreyansye yo. Ou kapab anmezi pou kenbe kèk atik pèsonèl epi pètèt byen imobilye ou selon lwa Leta kote w ap viv la ak lwa federal ki anvigè yo.

Chapit 13 – Anjeneral, ou kapab kenbe pwopriyete ou, men ou dwe ap touche salè oswa ou we genyen kèk lòt sous revni regilye epitou ou dwe dakò pou peye pati revni ou ba kreyansye ou yo. Tribinal la dwe apwouve plan ranbousman ou ak bidjè ou. Yon sendik deziyen epi sendik la ap resevwa peman yo nan men ou, l ap peye kreyansye ou yo, epitou l ap asire ou respekte dispozisyon plan ranbousman ou.

Chapit 12 – Tankou Chapit 13 la, men se sèlman pou kiltivatè fanmi ak pechè fanmi an.

Chapit 11 – Se biznis yo ki itilize chapit sa a pi souvan. Nan Chapit 11 lan, ou kapab kontinye opere biznis ou, men kreyansye ou yo ak tribinal la dwe apwouve yon plan pou ranbouse dèt ou yo. Pa genyen sendik sof si jij la deside yon sendik nesèsè; si yo deziyen yon sendik, sendik la ap pran kontwòl biznis ou ak pwopriyete ou.

Si ou deja deklare fayit anba chapit 7 la, ou kapab anmezi pou chanje dosye ou nan yon lòt chapit.

Yo kapab rapòte fayit ou sou dosye kredi ou pandan dizan. Sa kapab afekte kapasite pou resevwa kredi alavni.

### **KISA YON LIBERASYON FAYIT YE EPI KI JAN LI FONKSYONE?**

Youn nan rezon ki fè moun deklare fayit se pou jwenn yon “liberasyon.” Yon liberasyon se yon desizyon tribinal ki endike ou pa genyen obligasyon pou peye pifò dèt ou yo. Ou pa kapab jwenn liberasyon pou kèk dèt. Pa egzanp, ou kapab jwenn liberasyon pou dèt pou-

- pifò taks;
- sipò timoun;
- pansyon alimantè;
- pifò prè etidyan;
- amann tribinal ak restitasyon kriminel; epi
- domaj pèsonèl ou lakòz poutèt ou t ap kondi pandan ou sou oswa apre ou fin pran dwòg.

Liberasyon an aplike sèlman pou dèt ou te fè anvan jou ou te deklare fayit la. Epitou, si jij la jwenn ou te resevwa lajan oswa pwopriyete a nan fwod, ou pa kapab jwenn liberasyon pou dèt la.

Li enpòtan pou w fè lis tout pwopriyete ak dèt ou yo nan fòmilè fayit ou yo. Si ou pa mete yon dèt nan lis la, pa egzanp, li posib pou ou pa jwenn liberasyon pou dèt la. Jij la kapab refize ba ou liberasyon tou si ou fè yon bagay malonèt ki gen pou wè ak dosye fayit ou, tankou si ou ta detwi oswa sere yon pwopriyete, fè fo dosye, oswa bay manti, oswa si ou ta dezobeyi yon desizyon tribinal la.

Ou kapab resevwa sèlman yon liberasyon chapit 7 la yon fwa chak uit (8) ane. Lòt règ kapab aplike si ou te resevwa anvan yon liberasyon nan yon dosye chapit 13 la. Pèsòn pa kapab fè ou peye yon dèt ou te jwenn liberasyon pou li, men ou kapab peye nenpòt dèt ou vle peye avèk volonte ou. Ou pa genyen obligasyon pou siyen yon akò rekondiksyon (al gade anba a) oswa nenpòt lòt kalite dokiman pou fè sa.

Kèk kreyansye genyen yon reklamasyon pwoteje (pa egzanp, labank ki genyen ipotèk sou kay ou oswa konpayi prè ki genyen yon dwa konfiskasyon sou vwati ou). Ou pa genyen obligasyon pou peye yon reklamasyon pwoteje si ou jwenn liberasyon pou dèt la, men kreyansye a kapab toujou pran pwopriete a.

### **KISA YON AKÒ REKONDIKSYON YE?**

Menm si ou kapab jwenn liberasyon pou yon dèt, ou kapab genyen rezon espesyal ki fè ou vle pwomèt pou peye dèt la. Pa egzanp, ou kapab vle jwenn yon plan avèk bank lan pou ou kapab kenbe vwati ou. Pou pwomèt pou peye dèt la, ou dwe siyen ak ranpli yon akò rekondiksyon avèk tribinal la. Akò rekondiksyon yo anba règ espesyal epitou yo volontè. Lwa fayit oswa okenn lòt lwa pa endike yo obligatwa. Akò rekondiksyon yo-

- fèt pou volontè;
- pa dwe mete twò gwo fado sou ou ak fanmi ou;
- fèt pou nan pi bon enterè ou, epitou
- kapab anile nenpòt lè anvan tribinal la ba ou liberasyon oswa nan 60 jou apre akò a fin fèt nan tribinal la, kèlkeswa sa ki ba ou plis tan an.

Si ou se yon moun epi yon avoka pa reprezante ou, tribinal la kapab fè yon odisyon pou decide si pou li apwouve akò rekondiksyon an. Legalman akò a p ap angaje ou jouk lè tribinal la apwouve li.

Si ou fè rekondiksyon yon dèt epi ou pa peye dèt la, ou dwe lajan an menm jan ak lè ou pa t deklare fayit. Ou p ap jwenn liberasyon pou dèt la epi kreyansye kapab pran mezi pou sezi nenpòt pwopriete li genyen yon dwa konfiskasyon sou li oswa nenpòt pwopriete li genyen yon ipotèk sou li. Kreyansye a kapab pran mezi legal tou pou jwenn konpansasyon yon jijman kont ou.

**SI OU VLE JWENN PLIS ENFÒMASYON OSWA SI OU GENYEN NENPÒT KESYON KONSÈNAN FASON LWA FAYIT AFEKTE OU, OU KAPAB BEZWEN KONSÈY LEGAL. SENDIK KI SOU DOSYE OU A PA RESPONSAB POU BA OU KONSÈY LEGAL**